# ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL
**General Certificate of Education Ordinary Level**

# SHONA LANGUAGE **4007/2**

PAPER 2: Mashandisirwo eMutauro, Misambo neMaumbirwo eMutauro

**JUNE 2019 SESSION** Maawa maviri

Additional materials:
Answer paper

**NGUVA:** Maawa maviri

## RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mibvunzo **minomwe** chete.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwe.

## ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

---

**Bvunzo ino yakanyorerwa pamapeji mashanu nematatu asina chinhu.**

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, J2019

©ZIMSEC J2019

[Enda kuseri

## CHIKAMU I : MASHANDISIRWO EMUTAURO

Pindura mibvunzo **miviri** muchikamu chino.

1 Nyora tsumo inoreva zvakafanana neimwe neimwe yedzinotevera. Sarudza **shanu chete.**

(a) Gengezha mukombe hazvienzani nekunwira mudemhe. (1)

(b) Mwana wenyoka inyoka. (1)

(c) Kwaunobva kanda huyo kwaunoenda kanda huyo. (1)

(d) Chimwango chekukumbira hachina ndima. (1)

(e) Chasosodzwa chava chitiyo chinozvitsvarira. (1)

(f) Anyumwa bere nderake. (1)

(g) Mbudzi kudya mufenje hufana nyina. (1)

[5]

2 Kubva pazvirevo zvinotevera, sarudza **zvishanu chete,** ugozvishandura uchitsiva izwi rine mavara makobvu nezwi rinopikisa.

**Muenzaniso:** Jira **jena rinotengwa** nemapositori.

**Mhinduro:** Jira **dema haritengwi** nemapositori.

(a) Muti **mukobvu** hauite muchero. (1)

(b) Musikana **akanaka** atorwa namambo. (1)

(c) Rokwe **pfupi** rinoyanika makumbo pachena. (1)

(d) Jaya **mupfumi**, rakashaya wekuroora. (1)

(e) Michero **mimbishi** inonzwisa ugugu. (1)

(f) Munhu **mutana** anopa rayiro inobatsira. (1)

(g) Sadza **mbodza** rinozvimbira. (1)

[5]

3 Tsanangura unhu huri kuburitswa kuburikidza nemadimikira anotevera. Sarudza **mashanu**.

**(a)** Kuita gudzamudungwe. (1)

**(b)** Kugarira badza. (1)

**(c)** Kuita chisodzimate. (1)

**(d)** Kuita nguruve nzvere. (1)

**(e)** Kurara nezamu mukanwa. (1)

**(f)** Kuvaka danga pasina mombe. (1)

**(g)** Kufukura hapwa. (1)

[5]

4 Mazwi anotevera anogona kureva zvinhu zviviri kana kupfuura. Nyora zvirevo **zviviri** pazwi roga roga uchiburitsa zvakasiyana zvinogona kurehwa nezwi racho.

**Muenzaniso:** gomba

**Mhinduro:** **(i)** Takura marara unokanda kugomba uko.

**(ii)** Gomba raTambudzai raakabatwa naro ragadzwa dare.

**(a)** rota (1)

**(b)** guru (1)

**(c)** nzara (1)

**(d)** doro (1)

**(e)** dongo (1)

[5]

## CHIKAMU II: MISAMBO YEMUTAURO

Pindura mibvunzo **yose** muchikamu chino.

**5** **(a)** Uchishandisa mhinduro yakasiyana pane imwe neimwe yenhaurwa dzinotevera, tsanangura unhu kana maitiro anoburitswa nemumwe nemumwe wevatauri vapiwa.

**(i)** Panhare, anodavira anoti, "Magamba Secondary School. Muri kudei?"

**(ii)** "Ndadzoka nemukaka wenyu. Munoita basa rokutengesera vanhu mukaka wakaora. Ndabva mukuutenga nguva pfupi yapfuura."

**(iii)** "Ndeipi yako Tapiwa? Ko, mudhara vakasiya nyemba rinhi?"

**(iv)** "Kapfambi aka kari kundipomera nhumbu yako. Ini handikazive uye kari kundinyepera."

**(v)** "Tava nemwedzi wose tisina mvura, asi muchititorera mari dzedu. Mari iyoyo iri kushandei?" (5)

**(b)** Nyora zvakare nhaurwa dziri pamusoro nekutaura kune unyoro kwakakodzerana nemusambo wenhaurwa yacho. (5)

[10]

**6** Verenga zvirevo zvinotevera ugopindura mibvunzo iri pasi pazvo.

**(a)** "Chidyamatiyo wapedza hama. Rasa gona rako."

**(b)** "Mangwanani paBikai Bakery. Tokubatsirai nei?"

**(c)** "Changamire, akonwa haasiye muswe padare."

**(d)** "Ini handidi hangu. Tsvaga hako mumwe musikana."

**(e)** "Wanga warova wena."

**(i)** Panhaurwa dziri pamusoro, tsanangura kuti imwe neimwe ingataurwa zvaita sei? (5)

**(ii)** Ipa zita remusambo wemutauro unoenderana nenhaurwa yoga yoga yapiwa. (5)

[10]

## CHIKAMU III: MAUMBIRWO EMUTAURO

Pindura mibvunzo **mitatu chete** muchikamu chino.

7 **(a)** Ita kuti mazita anotevera ave muuzhinji. Sarudza **mana** chete.

muswe

jira

rukova

chanza

rwendo

(4)

**(b)** Tsanangura maumbirwo emazita **mana** awaisa muuzhinji uchiratidza mipanda yawo. (6)

[10]

8 **(a)** Ita kuti mazwi anotevera ave zvindori

| | |
|---|---|
| chena | sekuru |
| pamwe | avo |
| chibage | rino |

(6)

**(b)** Tsanangura maumbirwo echindori uchipa mienzaniso **mitatu** chete inobva pane zvawaumba pamusoro. (4)

[10]

9 Ongorora zvirevo zvinotevera ugodoma mazita ezvakatarwa mitsetse pasi pazvo.

**(a)** Voenda Harare. (1)

**(b)** Iye ega ndiye adya mbeva. (3)

**(c)** Ndasiya zvandisingagoni izvo. (3)

**(d)** Sekuru vakandimutsa kwatodoka. (3)

[10]

10 Nyora zvirevo **zvishanu** zvine **zvidudzirazviito zvakasiyana**. Doma zita rechidudzirachiito chawashandisa panoperera chirevo choga choga. [10]

**BLANK PAGE**